

LIDE POU KONSTWI #AYITINOUVLEA

1- Yon kriz ki la depi kèk tan

33 lane apre diktati, menm pratik yo kontinye, nou pran lari, rele ABA

okenn rezilta

17 Prezidan
22 Premye Minis

Ak #PetroCaribeChallenge lan, nou mande pwosè, men sa nou ap mande toutbon se fini ak enpinite ki nan peyi a pou n ka konstwi #AyitiNouVleA.


Menmsi reflèks pou n chèche yon solisyon mirak konpreyansib, pa gen solisyon prese prese ki ka retire nou nan sa nou ye a. Nou bezwen yon plan. Yon plan pou tabli yon nouvo sistèm politik kote kontra nou genyen ak Leta a se nou, ansanm, ki deside l.

Plan sa dwe baze sou yon vizyon nou tout pataje: Tout Ayisyen.èn dwe viv nan diyite. Dokiman sa prezante yon pwogram pou n fè l ateri.

Li disponib sou Entènèt nan www.ayitinouvlea.org/pwogram.

3 PREYOKIPASYON, 9 TEMATIK, 27 DESIZYON

3- #LideAnvanLidè: yon seri desizyon nou dwe pran pou n rive nan #AyitiNouVleA



#AyitiNouVleA kòmanse ak yon lidè, lidè chak Ayisyen, chak Ayisyèn dwe viv nan diyite. Se deyè lidè sa nou deside pou nou mache. #LideAnvanLidè.

Lidè sa se avè l n ap fè revolusyon pa nou an. Lidè nesite pou n reklame mounite pèp ayisyen an. Se pou sa pwojè #AyitiNouVleA fonde sou 3 prensip fondamantal:

Respè youn pou lòt,
Angajman nan konstwi yon vizyon ki menm pou nou tout,
Solidarite pou bay sa k pi fèb yo jarèt epi mete talan nou ak konpetans nou ansanm pou pwopoze yon lòt modèl sosyete.

Prensip sa yo koresponn a twa (3) preyokipasyon :

feblès enstitisyon yo,
pwoblèm jistis sosyal ak kesyon finansman devlopman peyi Ayiti.

Se pou sa pwogram #AyitiNouVleA santrè l sou 3 gran aks:

envestisman nan moun : edikasyon, manje, lasante
envestisman nan jan moun ap viv : ekonomi, lakilti, travay
envestisman nan kote moun ap viv : anviwònman, enèji, sekirite

“ Chak Ayisyen, chak Ayisyèn dwe viv nan diyite ”

AKS 1: ENVESTI NAN MOUN

Edikasyon bon kalite pou tout moun
Desizyon 1: bon jan kontwòl kalite ak metòd modèn ki ilize lang kreyòl la kòm zouti prensipal
Desizyon 2: anseyan ki metrize sijè yo, travay pwofesè valorize
Desizyon 3: tout moun gen aksè pou yo al lekòl kèlkeswa laj yo oubyen kote yo rete

Manje lokal aksesib nan yon mache pwoteje
Desizyon 4: pwoteksyon epi devlopman mache manje lokal la
Desizyon 5: ogmantasyon pwodiktivite agrikòl peyi a
Desizyon 6: valorizasyon ak entansifikasyon dirab pwodiksyon agrikòl pou fannmi yo ak aksyon kolektif peyizan

Lasante inivèsèl garanti
Desizyon 7: yon kouvèti sante inivèsèl egziste
Desizyon 8: pwofesyonèl lasante kalifye epi disponib
Desizyon 9: otorite Leta siveye tout kesyon sante espesyalman pwogram donatè yo

AKS 2 : ENVESTI NAN KI JAN MOUN AP VIV

Ekonomi ki kreye richès pou tout moun
Desizyon 10: devlope ak divèsifye pwodiksyon nasyonal la pandan mache lakay la ap ranfòse
Desizyon 11: favorize envestisman pwodiktif, transfè teknoloji, aplwa, kredi ak redistribisyon richès nan kad yon ekonomi sosyal solidè
Desizyon 12: redui depandans ak asistans ekstèn kit sou fòm èd entènasyonal, ONG oubyen lajan

Lakilti nan tout desizyon n ap pran
Desizyon 13: tabli idantite nou ak yon vizyon byen komen
Desizyon 14: ankadre epi valorize yon veritab ekonomi kreyatif
Desizyon 15: rekonèt lakilti kòm yon fòs nan devlopman peyi nou

Travay ak yon bon sistèm pwoteksyon sosyal
Desizyon 16: kapasite prime sou moun pa
Desizyon 17: jèn yo entegre
Desizyon 18: dwa travayè, gason kou fannm, respekte

AKS 3 : ENVESTI NAN KOTE MOUN AP VIV

Anviwònman ki pèmèt tout moun viv nan yon milye ki pa menase
Desizyon 19: pwoteje, konsève epi restore ekosistèm ak resous natirèl peyi a
Desizyon 20: modènize epi fasilite aksè pou sèvis de baz yo
Desizyon 21: pran aksyon ijan pou kontre konsekans chanjman klimatik ak dezast sou Ayiti

Enèji dirab, modèn nan yon pri abòdab
Desizyon 22: fasilite tout moun gen aksè ak enèji
Desizyon 23: kreye kondisyon pou favorize envestisman prive
Desizyon 24: ogmante efikasite ak dirabilite anviwònmantral nan itilizasyon enèji

Sekirite ki santrè sou moun
Desizyon 25: Pouvwva Jidisyè a endepandan toutbon pou li lite kont enpinite
Desizyon 26: Lapolis gen tout libète nesèsè pou l konbat epi prevni krim
Desizyon 27: Leta retounen anba kontwòl sitwayen.èn ki gen aksè ak enfòmasyon pou kontwole kijan Leta ap itilize resous peyi a



4- Yon vizyon: defini ansanm kisa #AyitiNouVleA sanble

#AyitiNouVleA a, se yon Ayiti kote tout moun ka viv nan diyite, kote se sitwayen ak sitwayèn yo ki bay pouvwva. Yon peyi kote tout moun jwenn lekòl, manje, ak lasante. Yon peyi kote chak grenn Ayisyen, chak grenn Ayisyèn gen menm chans pou l reyalize rev l. Yon peyi kote chèf respekte lalwa, enpinite kaba, tout viktim gen rekou, koripsyon pa gen plas li.

Nan #AyitiNouVleA, chak sitwayen, chak sitwayèn konnen se responsabite li pou li fè Leta pran bon mezi pou pèmèt chak moun viv tankou moun nan lonè ak respè, san yo pa bezwen kolòn, san yo pa oblije konpwomèt tèt yo.

Nan #AyitiNouVleA, dwa tout moun respekte, kèlkelanswa laj yo, sèks yo, koulè po yo, relijyon yo, oryantasyon seksyèl yo, andikap yo, nivo etid yo oubyen nivo richès yo.

Nan #AyitiNouVleA, pa gen Repiblik Pòtoprens, pa gen andeyò, chak depatman, chak komin, chak zòn genyen sèvis de baz ki nesèsè epi ki aksesib pou moun k ap viv ladann konsa yo pa oblije deplase al chèche lavi lòt kote.

Nan #AyitiNouVleA, lasyans gen premye plas nan desizyon yo, konpetans prime sou zanmitay, lojik sou emosyon.

Nan #AyitiNouVleA, enstitisyon nou yo fò epi yo enklizif, pouvwva yo endepandan, moun yo angaje.

#AyitiNouVleA, se ansanm n ap konstwi l. Kit sa k ap viv nan seksyon kominal kit sa k ap viv lavil. Ni moun k ap viv Ayiti ni sa yo k ap viv lòtbò. Tout pitit peyi a ap ka fè tandè vwa l. Tout pitit peyi a ap mete ansanm pou mennen Ayiti kote li dwe rive a.

5- Yon envitasyon: pou konstwi ansanm #AyitiNouVleA

Vizyon #AyitiNouVleA tabli apati 12 533 tweet - sa ki fè antou 388 575 mo epi 821 paj - soti 14 jiyè 2018 rive 20 oktòb 2018.

Pwogram #AyitiNouVleA dwe tabli menm jan an, nan konsiltasyon sou Entènèt ak rankont fizik atravè chapit asosyasyon an, a travè gwoupman, asosyasyon, ak lòt enstitisyon sosyete sivil la nan tout peyi a.

Metodoloji sa baze sou konviksyon nou genyen, nan Ayiti Nou Vle A, solisyon yon pwoblèm dwe soti nan 2 tip ekspètiz (konesans):

Ekspètiz moun k ap viv sityasyon an (Popilasyon an)
Ekspètiz moun ki etidye sityasyon an (9 Gwoup Tematik ANVA yo)

Se konbinezon de ekspètiz sa yo ki pou fikse pwojè #AyitiNouVleA. Yon pwojè ki ap sòti nan repons 3 kesyon fondamantal sou chak domèn entevansyon ak chak preyokipasyon: aksè, obstak, solisyon.

6- Konsiltasyon nasyonal: yon kalandriye pou tout pitit peyi a ekri lavni li ansanm

14 fevriye - 14 me 2019